

LA POU EDE



Biwo Ombudsman Detansyon Imigrasyon an (OIDO) se yon biwo endepandan epi ki san patipri—ki separe ak ICE ak CBP—ki angaje yo nan bonjan fason pou yo trete moun ak kondisyon lavi an sekirite pou tout moun ki nan gadavou ak detansyon nan imigrasyon Etazini.

Si w fè eksperyans move tretman oswa move kondisyon pandan w nan detansyon imigrasyon, OIDO ka ede w. OIDO se yon biwo san patipri ak endepandan nan Depatman Sekirite Teritwa a—ki separe ak Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn Etazini (ICE), Ladwàn Etazini ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP), ak sant detansyon an—ki kontwole kondisyon ak tretman nan etablisman w la, epi li anplwaye manadjè ki resevwa fòmasyon sou dosye yo k ap travay pou adrese plent ou a.

Plent yo depoze nan OIDO yo konfidansyèl, epi responsab dosye yo pa pral revele okenn enfòmasyon sou ka w la san konsantman w. Lè w pale ak yon responsab ka OIDO oswa depoze yon plent, sa p ap afekte ka imigrasyon w oswa sityasyon detansyon w la.

Pou depoze yon plent, mande pou w pale ak responsab ka OIDO nan etablisman w la. Si ou nan prizon oswa detansyon epi ou gen aksè ak yon tablèt, enskri pou yon randevou anba onglè “OIDO” nan seksyon “Requests” (“Demann”).
[dhs.gov/OIDO](https://www.dhs.gov/OIDO).

PWOBLÈM OU KA RAPÒTE POU OIDO GEN LADAN YO:



Abi fizik, mantal, oswa emosyonèl



Manje oswa tretman medikal ki pa adekwa



Twalèt ak zòn repo yo ki pa byen antreteni oswa ki pa netwaye



Mank aksè nan atik ijyèn (papyè twalèt, sèvyèt, bwòs dan, elatriye)



Kondisyon lavi mizerab oswa ki pa ansekirite

Ou ka mande OIDO tou sou nenpòt lòt kondisyon medyòk oswa sispèk vyolasyon politik oswa estanda.



OIDO se yon biwo endepandan ki anndan

www.dhs.gov/OIDO



OIDO

Biwo Ombudsman Detansyon Imigrasyon an